



**NEW JERSEY STATE POLICE**

## **Fèy Enfòmasyon pou Plent Sitwayen**

Manm nan yo nan Lapolis Eta New Jersey a angaje yo pou bay sèvis lapolis avèk jistis, efikasite, ak enpasyalite. Sa nan pi bon enterè tout moun ke yo jere plent ou konsènan pèfòmasyon yon patwouy endividyèl avèk jistis, epi san pèdi tan. Lapolis Eta New Jersey a gen pwosedi fòmèl pou mennen ankèt sou plent ou an. Pwosedi sa yo fèt pou asire jistis, ak pou pwoteje dwa ni sitwayen yo, ni ajan lapolis yo:

1. Yo dwe resevwa Rapò oswa Plent ki fèt kont yon patwouyè/anplwaye lapolis nan men tout moun, ki genyen ladan yon moun ki pa vle bay non li, nenpòt lè.
2. Yo pral aksepte plent yo, san konsidere laj moun, ni sou ras, gwoup etnik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa kondisyon imigran moun ki pote plent lan.
3. Plent ou pote a pral voye bay yon ofisye siperyè oswa yon ofisye ki resevwa fòmasyon sou zafè entèn, ki pral mennen yon ankèt konplè ki objektif.
4. Yo ka mande w pou ede nan ankèt la, avèk enfòmasyon detaye ou genyen sou sa ki te rive a, oswa avèk lòt enfòmasyon oswa dokiman ki enpòtan.
5. Y ap mennen gwo ankèt sou tout plent yo pote kont ajan polis yo. Y ap ba ou enfòmasyon sou jan ankèt la ap dewoule, ak dènye konklizyon ankèt la, si ou mande sa epi ou bay enfòmasyon pou kontakte w. Sanksyon egzat yo pran an pral rete konfidansyèl, men y ap mete ou okouran konsènan dènye konklizyon an, tankou:
  - a. Pwouve (Soutni): Gen anpil prèv ki montre yon ofisye lapolis te vyole yon lwa, oswa yon règleman, yon direktiv, yon òdonans, prensip, oubyen yon pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, oswa pwotokòl ajans lan, pwosedi ki anvigè, prensip, oswa fòmasyon.
  - b. San fonman: Gen anpil prèv ki montre zak ki deklare a pa te rive.
  - c. Eskize: Gen anpil prèv ki montre zak ki deklare a te rive, men li pa te yon vyolasyon de okenn lwa, ni okenn règleman, direktiv, òdonans, prensip, oubyen pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, ni pwotokòl ajans lan, pwosedi anvigè, prensip, oswa fòmasyon.
  - d. Pa gen ase prèv: Ankèt la pa pote ase prèv ki montre aklè ke zak la te rive, oubyen li pa te rive.
6. Si ankèt nou montre kapab gen yon krim ki te komèt, n ap mete Avoka Konte okouran de sa. Yo ka mande w pou prezante pou temwaye nan tribinal.
7. Si ankèt nou an lakoz yo akize yon patwouyè lapolis paske li te vyole yon prensip depatman an, yo ka mande w pou vin temwaye nan yon odyans depatman an.
8. Si ankèt nou an montre ke plent lan san fonman, oubyen patwouyè lapolis la te byen aji, y ap fèmen dosye a.
9. Ankèt sou zafè entèn yo pral rete konfidansyèl, epi tout sanksyon disiplinè yo pral fèmen pou piblik la, sòf si ofisye lapolis ki akize a mande yon odisyon ki louvri.
10. Ou kapab rele New Jersey State Police Intake Unit nan 1-877-253-4125 pou bay lòt enfòmasyon anplis, oubyen pou poze nenpòt kesyon sou ka a.

Fòmilè sa a disponib sou [njsp.org](http://njsp.org) nan lang sa yo; Arab, Chinwa, Anglè, Ayisyen, Hindi, Koreyen, Polonè, Pòtigè, Espanyòl, Tagalòg, ak Vyetnamyen.